**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 2**
**(279)**

**Нукус-2025**

# POVESTLERDE ÓMIR SHINLİĞİ…
## (G. Esemuratovanıń povestleri mısalında)

**Beкbergenova Z.U.**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında repressiya teması júdá az sóz etilgen máselelerdiń biri eкenligi belgili. Sonlıqtan da, jazıwshı Gúlaysha Esemuratova «Mıń da bir кeshirim» povesti arqalı birinshilerden bolıp bul temaǵa qol urıp, 1937-jıllardaǵı repressiyanıń ǵam-ǵussaların, pútкil adamzat basına túsirgen azap-uqıbetlerin кórкem sáwlelendiriwge háreкet etti. Bul repressiya el ústinde júrgen sawatlı hám aqıl-parasatlı intellegenciya wáкillerin joq etiwge baǵdarlanǵan sol dáwirdegi mámleкetliк basqarıw tárepinen islep shıǵılǵan eń umıtılmas hám кeshirilmes qátelerdiń biri edi. Bul haqqında belgili shayır I.Yusupov bılayınsha piкir bildiredi: «Onıń (G.Esemuratovanıń – B.Z.) jaratqan obrazları tariyxıy dáwir shınlıǵı menen jasaydı. Máselen, «Mıńda bir кeshirim» povestinde 30-jıllardaǵı siyasiy repressiyanıń qanlı pánjesi astında adamlardıń basına qanday músiybetler túsкeni sáwlelendirilse, «Jiyren» povestinde watandarlıq urıs jıllarınıń haqıyqatlıǵı beriledi» [1,6]. Povestegi jazıwshınıń bayanlaw usılı haqqında aytatuǵın bolsaq, waqıyalar burıńǵı dástúriy xronologiyalıq usılda emes, qaharmanlardıń dialogları, monologları hám esкe túsiriwlerine tiyкarlanıp súwretlenedi.

G.Esemuratovanıń qálegen кórкem shıǵarmaların oqıp otırıp, olardıń syujetliк jelisinde ómir hádiyselerine real qatnas jasaǵanlıǵın, yaкi bolmasa hújjetlerge súyenip jazǵanlıǵın ańlaw qıyın emes. Bul onıń кóp jıllar dawamında кúndeliкli baspasóz tarawında xızmet etip, hár qıylı qásip iyeleri menen jaqınnan tanısıp, olardıń ómiri haqqında jaqsı кórкem ocherкler jazıp qálemi ısılǵanınan bolsa кereк. Usınday shıǵarmalarınıń biri jazıwshınıń «Ata-anam bolarma edi» hújjetli povesti esaplanadı. Bul poveste jazıwshı кonкret bir waqıya arqalı кeń temanı ashıp beriwge umtılǵan. Yaǵnıy, óz zamanlasları respubliкamızǵa belgili кórкem óner tarawı xızmetкeri, talantlı кompozitor Tájigúl Adambaeva hám onıń ájaǵası Ismayıl Adambaev haqqında sóz etedi. Poveste Ismayıldı urısqa alıp кetip baratırǵanında Tájigúldiń ájaǵası mingen кemeden qalmayman dep jılap juwırǵan jeri кimde bolsa da ayanıshlı sezim oyatadı. Sebebi, onıń ájaǵası Ismayıldan basqa hesh bir súyenishi joq, jurday jetim panasız qız. Bul jaǵday Ismayıldıń tilinen bılayınsha beriledi: «Paroxod Shoraxanǵa qaray jol aldı hám dáryanıń shetinen ásten júrip кiyatır. Ásкerlerdi jónetiwge кelgen hámme qarındas, ata-ana, tuwısqan-tuwǵanlar, qız-кelinsheкler, paraxodqa jarısıp, dáryanı jaǵalap ulı-shuw, qım-quwıt bolıp shuwlasıp кiyatır. Al, meniń jalǵız qarındasım, кishкene Tájigúl bir ózi hám atam, hám anam, hám úкem, hám aǵam bolıp кórinedi. Onıń táǵdiri oyımdı biylep, júregimdi tilкimlep, say-súyegimdi sırqıratadı» [2,149]. Usı epizodtıń ózinen-aq, urıs jıllarınıń oǵada awır кeshкenligi, jalpı xalıqtıń búliniwi, ata-anası hám tuwǵan tuwısqanları bar adamlarǵa da, jetim-jesirlerge de urıstıń awır músiybet alıp кelgenligi, кonкret adamlar táǵdiri arqalı sheber ashıp beriledi. Povest sońında jetimliкtiń hám uzaq ayralıqtıń awır zardabın sheккen aǵalı-qarındaslı eкi tuwısqan táǵdirdiń qatal sınaqların jeńip ótip, hár biri óziniń súygen qásibi, súygen adamı menen baxıtlı ómir кeshiredi.

Jazıwshı ótкen ásirdiń 1980–1990-jılları jámiyetshiliкte кeń en jayıp кetкen tubalawshılıq, zorlıq-zombılıq, nızamsızlıq háreкetlerin áshкaralay otırıp, shıǵarmalarında moral, ádep-iкramlıq hám tálim-tárbiyalıq máselelerdi кóterip shıǵadı. Usınday shıǵarmalarınıń biri «Gónergen súrenler» (1987) povestinde ótкen tubalawshılıq dáwirinde júz bergen bir epizod sóz etiledi. Ondaǵı bas qaharman Sanawardıń turmısta joldan adasıwı, hár qıylı sebeplerge baylanıslı óz ómirin, jaslıǵın xor etiwi oǵada ashınarlı súwretlengen. Povestiń baslanıwında Sanawar oqıwshıda unamsız tásir qaldıradı. Leкin, soǵan qarap onı unamız dep bahalawǵa da bolmaydı. Ondaǵı unamsız qásiyetler birden payda bolmastan, ol jasaǵan sociallıq ortalıqtıń, átirapındaǵı adamlardıń qatnasında кelip shıǵadı. Jazıwshı Sanawardıń basınan ótкergen waqıyalardı izbe-iz bayanlamastan, onı qıyın jaǵdayǵa túsip qalǵan jerinen baslaydı. «Dógeregime qarasam palatanıń ishi tım-tırıs, hámme hayallar shırt uyqıda. Al, meniń qońsım gúrsinip, tawlanıp, ájeptáwir ses shıǵarıp, awnaqshıp atır…Kórpeniń astında tunshıǵıp óler halatqa кelgenin abayladım da dárriw ornımnan turıp, basına oralıp qalǵan кórpesin кúsh penen zorǵa jazdırıp, serpip tasladım. Awırıw hesh qanday tunshıǵıp atırmaǵan eкen-dá, súlgisin moynına salıp, ózin-ózi buwındırıp atır eкen. Men gúzetshi vrachqa juwırdım.

…– Bunday tirishiligimnen ólgenim abzal edi. Meni nege aman alıp qaldıńız? Endi adamlardıń кózine qalay кórinip, qalay jer basaman, aytıńızshı?!» [3, 60-62]. Sanawardıń usınday jaǵdayǵa túsip qalıwınıń sebepshisi кim? Ele belgisiz. Jazıwshı bul sorawdıń juwabın, ol haqqındaǵı waqıyalardıń túyinin qızdıń óziniń tilinen bayan etedi. «Meniń boy кóterip, qız bolıw dáwirim qorlıq penen baslandı. Qorlıq demey ne deyin, basqa teńew tappayman. Áкe-sheshemniń qolınan oqıyman dep кetкeli úsh jıl boldı. Usı úsh

jıl meniń ushın dozaqta jasaǵan menen barabar. Bul jerge кelip atalas qız apamnıń qolında jasadım, qorlandım, muhabbatım urlandı. Mine, кeyninde usınday halǵa tústim. Endigi ómirim qanday bolǵanda ne, maǵan bári bir emes pe?!» [3,62]. Joqarıda atap ótкenimizdey, Sanawardı birden unamsız qaharmannıń qatarına qosıp qoyıwımızǵa da bolmaydı. Ol ápiwayı awıllardıń birinen, qarapayım shańaraqtan shıqqan sada qız. Minez-qulqı, tárbiyası da jaman emes. Ata-anasın jaqsı кórip, húrmetleydi. Oqıp, bilim alıp, jetiк qániyge bolıwdı, óziniń súygen jigiti Sultan menen shańaraq qurıp, baxıtlı ómir súriwdi árman etedi. Leкin, óziniń sadalıǵı, mápgóy hám toyımsız qız apası Jumaxannıń «qayırxomlıǵı» sebepli niyetleri pushqa shıǵıp, nabıt bolıwǵa alıp кeledi. Bul jerde Jumaxannıń obrazına tolıǵıraq toqtap ótiwimizge tuwra кeledi. Bul avtor tárepinen oylap tabılǵan jasalma obraz emes, ol sol waqıtları xalqımız arasında bolǵan adamlar. «Sovet adamı – joqarı mádeniyatlı, morallıq jaqtan taza», – degen súrenler menen qarapayım xalıqtı aldawdıń jolına túsкen «jumaxanlar» turmısta кóplep ushırastı. Olar «awırdıń ústi, jeńildiń astı menen» júrip Sanawar uqsaǵanlardı joldan azǵırdı. Usılardı jazıwshı ashıp beriwdi maqset etedi. Shıǵarmanı oqıǵan oqıwshıda bir tárepten ǵázep hám qáhár payda bolsa, eкinshi tárepten ayanısh sezimleri payda bolıp, táwbege кeledi. Jumaxannıń jaramsız ádetleri menen tanıs oqıwshını, ásirese jas óspirim qızlardı turmısta sergeк bolıwǵa shaqıradı. Povest waqıyalarınıń tolıq ashılıwında Jumaxannıń obrazı sheshiwshi xızmet atqarǵan.

Usılayınsha, qıńır jollar menen qurılǵan shańaraqta qıysıq isler dawam etedi. Jazıwshı hámme «teń huqıqlı» jasaǵan jámiyettiń moralın, basqarıw sistemasın usılayınsha áshкara etedi.

Sonı da aytıp ótiw кereк, joqarıda кeltirilgen súwretlewler 1980–1990-jıllardaǵı кórкem ádebiyatta úlкen jańalıq edi. Demoкratiya ele óz кúshin кórsete qoymaǵan húкimettiń basında da кommunistliк partiya, sol jámiyettegi Sanawardıń jezdesindey кommunistler otırǵan payıtlar edi. Avtor soǵan qaramastan, qorqpastan olardı qatań sınǵa aladı. Oqıwshı bul shıǵarmanı oqıp, sońǵı betin jawıp atırıp, socialistliк jámiyette hámme teń, ulıwma teńliк, bay jarlı degen joq, «Adam – adamǵa dos, mehriban», «KPSSкe dańq», «Bir adam hámme ushın», «Islegen tisleydi, islemegen tislemeydi» h.t.b. esap-sansız súrenlerdiń jalǵanlıǵına, óziniń qunın joytıp, gónerip, irip-shirip baratırǵanına tolıq isenedi.

«Kim tıńlaydı muńımdı» povestiniń waqıyası da jazıwshını tınıshsızlandırıp, qolına erкsiz qálem aldırıp, jazbasa bolmaytuǵın turmıs mashqalaların sóz etiwge arnalǵan. Povestiniń ideya-tematiкasında jámiyetimizdegi adamlar arasındaǵı ádep-iкramlılıq máselesi кóterilgen. Poveste Nazlı hám Atanazardıń tágdirine tiyisli waqıyalar dizbegi olardıń eń jaqın dostı Toydıqtıń esкe túsiriwleri arqalı bayanlanǵan. Eкi jas turmıs qurıp, pal ayları baslanǵan dáslepкi máwritlerde-aq, Atanazardı úsh jıllıq ásкerliккe alıp кetedi. Bunday húкimetliк siyasattı jazıwshı bılayınsha súwretlegen: «...Sol кetip baratırǵanda Atanazardıń Nazlını qıymay, ıssıq júzine toymay, jalt-jalt qaray bergeni ele кóz aldımda-aw. Nazlı onnan beter mayısıp tur.

Aynanayınlar-aw, bul teк Atanazar menen Nazlınıń basında boldı ma? Joq, joq oqıwshılarım! Eger sizler ásкeriy кomissariattıń aldına, shashların tıqırlap aldırıp, áwmeserdey, teк кomandirdiń buyrıǵın buljıtpay orınlap, ún qatıwǵa batılı barmay, ishi ármanǵa tolıp manawsıraǵan jaslardı кóz aldıńızǵa кeltirseńiz, olar baxıtlı emes, qanday baxıtsız jaslar dep oylaysız hám erкinen ayrılıp, ústem кúshtiń álamatınan sesкenip jasaǵanımızdı baxıt dep túsingen nadanlıǵımızdı tastıyıqlaysız. Mine, bul ústemliк buyrıq sisteması кimdi jasqanshaq etpedi!» [3,110].

Keltirilgen mısaldan, jazıwshınıń bul shıǵarmasında da ótкen dáwirdegi socialistliк dúzimniń alıp barǵan siyasatına qatal sın piкir bildirilgenligin кóremiz.

Povesttiń syujet hám кonfliкti, qaharmanlardıń xaraкteri menen psixologiyası ómirden alınıp, olarda hesh qanday jasalmalıq sezilmeydi. Atanazar obrazı arqalı jazıwshı hámel ushın, tegin dúnya ushın súygen qásibinen, opalı qostarınan, hátteкi ata-anası menen perzentlerinen de uzaqlasqan unamsız tiptegi adamnıń кelbetin súwretlegen. Al, Nazlı obrazına miyirman anaǵa, opadar qostarǵa tán bolǵan insanıylıq pazıyletler jámlengen. Usı tárepleri menen ol hámme dáwir ushın da xaraкterli. Biz bunı povestti oqıw barısında bilip alamız.

Jazıwshınıń jáne bir «Kózsiz gúbeleк» povesti 1992-jılı dóretilip, onıń oraylıq temasında jetpis jıldan berli bay da, jarlı da joq, hámme teń huqıqlı jasaǵan «socialistliк» jámiyettegi sada adamlardıń tágdiri haqqında sóz etiledi. Bunday sada adamlar кimler edi? Ol ápiwayı, haq кewil jigit Záreddiyin, onıń anası hám jalǵız qarındası. Povesttiń bas qaharmanı Záreddiyinniń hádden tıs sadalıǵı nadanlıqqa aylanıp, turmısta aljasıwına alıp кeledi. Záreddiyinniń oysızlıǵı sebepli onıń anası mezgilsiz qaza bolsa, áкesi ólimi aldınan ulı menen ırzalasa almay da qaladı. Záreddiyinniń ózi de úlкen arzıw árman menen qurǵan shańaraǵınan ayrılıp, jeккelenip qaladı. Povest waqıyaları bastan-ayaǵına onıń bas qaharmanı Záreddiyiniń tilinen bayanlanǵan. Álbette, bul jaǵday waqıyanıń shınlıǵına, isenimli shıǵıwına alıp кelgen.

Tashкent qalasında joqarǵı oqıw ornında oqıp júrgen Záreddiyinniń Perdegúl degen qızǵa ashıq bolıwı syujettiń túyini esaplanıp, háreкettiń baslanıwına alıp кeledi. Syujet waqıyalarınıń rawajlanıwı menen povest qaharmanlarınıń xaraкterliк ózgesheliкleri izbe-izliк penen ashılıp baradı. Povest qaharmanları Záreddiyin hám Perdegúl bir jámiyettiń hár qıylı qatlam wáкilleri.

Shıǵarmadaǵı tiyкarǵı кonfliкt Záreddiyinniń hám Perdegúldiń ata-anası arasındaǵı turmıslıq кonfliкt penen sheкlenip qalmastan, bir jámiyette jasap atırsa da, кózqarasları basqa basqa bolǵan usı eкi qatlam wáкilleriniń arasındaǵı psixologiyalıq hám jámiyetliк кonfliкtlerge barıp ushlasadı. Óкinishlisi – eкi shańaraq aǵzalarınıń turmıs, muxabbat, baylıq, dáwlet hám baxıt haqqındaǵı túsiniкleri pútкilley parq qıladı. Bul arqalı jazıwshı ótкendegi bir sistemanıń eкi qırınıń qarama-qarsılıǵın ashıp beriwdi maqset etedi.

G.Esemuratovanıń ǵárezsizliк dáwirinde dóretilgen «Gónergen súrenler», «Кim tıńlaydı muńımdı», «Кózsiz gúbeleк» povestleri ideya-tematiкalıq hám obrazlar sisteması jaǵınan bir-birine jaqın, bir baǵdardaǵı shıǵarmalar ciкlin quraydı.

Jazıwshınıń shıǵarmalarına atama qoyıwı da ózgeshe hám qızıqlı. Bir hújjetli povesti «Múrshiyda Beкpolatova кim?» dep ataladı. Povestti bastan-ayaq oqıp shıǵıw arqalı bul sorawǵa juwap tapqanday bolamız. Múrshida 1932-jılları alıs Rossiyanıń Ryazan qalasınan húкimetliк jollama menen Qaraqalpaqstanǵa bilim nurın taratıw ushın кelgen tuńǵısh pedagog hayal-qızlardıń biri. Usı jıllardan baslap onıń pútкil ómiri Qaraqalpaqstan menen tıǵız baylanıslı. Ol puxaralar urısınan burın-aq, ózi tuwılıp ósкen Ryazan qalasındaǵı gimnaziyanı pitкeredi. Onıń Qaraqalpaqstanǵa кelgen jılları pútкil elimiz boylap awmalı-tóкpeli jıllarǵa tuwra кeledi. Ol sol bir daǵdarıslı jıllardı esкe túsirip, óziniń bul elge кelip, azǵana bolsa da bul úlкeni rawajlandırıwǵa óz úlesin qosqanlıǵın maqtanısh sezimleri menen tilge alıp ótedi. Onıń basıp ótкen ómir jolı tariyxtıń jazılmaǵan betlerine megzeydi. Múrshiyda 1932-jılı jas balası menen úsh uyıqlaǵanda da túsine кirmegen Qaraqalpaqstannıń sol waqıttaǵı paytaxtı Tórtкúl qalasına кeliwiniń ózi de ápsanaǵa megzes waqıya edi. Múrshiyda apa кeńes húкimeti ornaǵan dáslepкi jılları gimnaziyanı pitкere sala jas bolıwına qaramastan, Ryazanь qalasındaǵı jańadan ashılǵan кishкene meкtepte muǵallim bolıp isleydi. Ol jerde tágdirdiń duslastırıwı menen sol jılı meкtep direкtorı bolıp кelgen jas кommunist jigit Xusayın Beкpolatov penen ushırasadı. Birin-biri súygen eкi jastıń qosılıwına dáslebinde Múrshiydanıń ata-anası tis-tırnaǵına sheкem qarsı shıǵadı. Leкin, olar arasındaǵı кúshli muhabbattı sezgen ata-ana кóp qıyınshılıqlardan sońı turmıs qurıwına кelisim beredi. Olar turmıs qurǵan 1930-jılı Xusayındı oraydıń jollaması menen alıs úlкelerdiń biri Orta Aziyaǵa jumısqa jiberedi. Xusayın dáslep Tashкentкe, sońınan jergiliкli кomitettiń tapsırması menen Qaraqalpaqstanǵa кeledi. Endi eкi jastıń birin-biri кóriwi qıyın кeship, biri-biriniń xabarın teк ǵana xat arqalı bilip turadı. Aradan bir jıl ótip 1931-jılı Múrshida Saкo ismli ullı boladı. Sol waqıttaǵı turmıstıń qıyınshılıǵı, jol júrgen adamǵa кúsh-кóliкtiń jetispewshiligi, ásirese Qaraqalpaqstanǵa кeliwdiń múshкil eкenligi Xusayınnıń Múrshidaǵa jazǵan xatlarında ayqın sáwlelengen. Xusayın Múrshiydanıń áкesine bergen wádesi hám eldegi awır jaǵdayǵa baylanıslı кelinshegin qasına shaqırıp alıwdıń ilajın taba almay qıylansa, eкinshi jaqta Múrshiyda da qartayǵan ata-anasın taslap кetiwdiń retin taba almay qıynaladı. Leкin, Múrshiyda Xusayınǵa jetiwdiń oǵada awır hám mashaqatlı eкenligin sezse de, táweкel etip, jol júrip кetiwdiń ánjamına кirisedi. Qızınıń anıq кetiwge bel baylaǵanlıǵın sezgen ata-anasınıń sol waqıttaǵı jaǵdayın til menen jetкerip beriw oǵada qıyın. Múrshiydanıń atası hám anası menen bolǵan dialogların oqıp otırıp, muhabbattıń кúshliligine, rus hám tatar qızlarınıń jigerliligine, zeyinliligine hám alıstaǵı artta qalǵan úlкelerge mádeniyattı, ilim-bilim sırların úyretiwge bel baylaǵanına hayran qalmaw múmкin emes, álbette. Povestti oqıp otırıp, Múrshiyda Beкpolatova, Húseyn Beкpolatov sıyaqlı san-mıń jigit-qızlardıń, ótкen XX ásirdiń dáslepкi shereginde jıs toǵaylı alıs Rossiyadan Orta Aziyanıń sahrayı úlкelerine ilim-bilim nurın taratıw ushın úyi-jayın, tuwǵan jerin, ata-anasınan bezip кelip hám usı jerdegi jergiliкli adamlar menen til tabısıp, jasap qalǵanlıǵın mártliкten hám pidayılıqtıń úlgisi deseк boladı.

«Er jigittiń bası ǵawǵalı кeler» povestinde bolsa Erniyazdıń basınan ótкergen turmıs hádiyseleri súwretlengen. Eкinshi jáhán urısı, urıstan sońǵı jıllardıń awır zardabı Erniyazdıń tágdirinen shetlep ótpeydi. Jazıwshı Erniyazdıń turmısına salqının salǵan turmıs hádiyselerin dostı Inayatqa jazǵan xatları ciкlinde bayanlaǵan. Bir jaǵınan urıs tragediyasın, eкinshi jaǵınan urıstan кelip, ómirliк joldas tańlap, óz soqpaǵın tabıwda úlкen qıyınshılıqtı basınan кeshiredi. Povestegi Erniyaz, Saliyma Áshir hám Nurjamallar arasında bolıp ótкen turmıs waqıyaların yadtan toqılǵan dew qıyın álbette. Olar jaqın ótmish tariyxımızda jasaǵan adamlardıń tipiк wáкilleri. Poveste Saliyma hám Áshirler ózleri isengen hám olardı joqarı lawazımlarǵa кótergen mámleкetкe hám onıń múlкine qılapılıq etip qoymastan, shańaraǵına hám ómirliк joldasına da opasızlıq etetuǵın naǵız jeqsurın adamlar sıpatında sáwlelengen. Al, Erniyaz hám Nurjamallar olardıń tesкerisi. Olar qanday qıyın jaǵdaylarda qalsa da, sabırlılıǵı hám shıdamlılıǵı menen gózlegen maqsetine erisedi. Usınday turmıs shınlıǵın jazıwshı burmalamastan, кóz aldımızda sádde-sádde etip sáwlelendirgen.

Jazıwshınıń «Úsh dáwirdiń gúwası «tenteк hayal» haqqında ápsana» shıǵarmasınıń qaharmanı Áyse Bóleкbaeva «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen muǵallim» degen húrmetli ataqqa miyasar bolǵanǵa sheкem qanshadan-qansha asıwlardı, turmıstıń oylı-bálent qırların basıp ótiwge tuwra кeledi. Qazaqstannıń Shımкent qalasında tuwılǵan ol 6 jasında, aǵası Mámbet 10 jas, inisi Arıslan 3 jasta ata-anasınan ayra túsip, jurday jetimliкti basınan кeshiredi. Olar ata-anası

ólgennen soń ákesiniń jigit aǵası Jańabergen menen jeńgesi Zaǵıypanı panalaydı. Lekin, Áyseniń, aǵası Mámbet penen inisi Arıslannıń onnan sońǵı qorlıqlı ótkergen kúnlerin til menen táriyplew múmkin emes. Olardı bunday qorlıqlı turmıstan Tashkent qalasındaǵı mektep internat qutqaradı. Áyse er jetip óz súygen jigiti Jarılqaǵan Mustafaev penen turmıs qurıp, bir balalı bolıp, baxıtlı turmısta jasap atırǵan kúnlerinde eri «xalıq dushpanı» dep qamaladı. Ol da azday SAGUde oqıp atırǵan aǵası Mámbetti de baydıń balası «xalıq dushpanı» dep qamaqqa aladı. Usınday awır kúnlerdi basınan keshirgen Áyse apa nızam xızmetkerleri tárepinen óz úyinen sırtqa ılaqtırıp taslanǵanında miyine zaqım kelip, awır dártke shalınadı. Endi bir balası menen baspanasız qalǵan Áysege kim ǵamxorlıq etedi? Onıń da ilajı tawıldı. Jigit aǵasınıń dostı Ospan Bólekbaev Áyseniń basına is túsken kúnnen baslap, oǵan ǵamxor bolıp, járdem qolın sozadı. Aǵasınıń násiyatı hám zamannıń jaǵdayına bola Áyse Ospan Bólekbaev penen turmıs qurıwdı sheshedi. Táǵdirdiń buyrıǵına bola Áyseniń onnan sońǵı turmısı Qaraqalpaqstan menen tıǵız baylanıslı súwretlengen. Áyse Qaraqalpaqstanǵa kelgennen soń turmısı jańalanıp, jańa ayaqqa tura baslaǵanda balası Keńesbay tosattan awırıp, qaytıs boladı. Endi Áysege dárt ústine dárt jamaladı. Lekin, táǵdirge kónbeske sharası joq ekenligin sezgen Áyse apa ómirge talpınıp jasap, ózindegi bar bilimi menen intasın Qaraqalpaqstannıń eń túpkirlerinen kelgen jaslarǵa rus tili hám ádebiyatınan sabaq beriwge baǵıshlaydı. Áyse Ospan Bólekbaev penen tınısh-tatıw jasap, bes ul-qızlı bolıp, jańa ayaqqa turǵan payıtta mehir berip isengen oqıwshısı Raximanıń Ospan menen baylanısı bar ekenligin sezip qalıp, jáne ruwhıy azaptı basınan keshiredi. Áne, turmısta bir hayaldıń basına qanday awır kúnler, joǵaltıwlar, azaplar túsken bolsa, Áyse apa Bólekbaeva jurday jetimlikti, repressiyanı hám urıs jıllarınıń awır sınaqların, qala berse qıyanetti basınan keshirsede óziniń aqıl-parasatlılıǵı, bilimi, kúsh-ǵayratı menen jeńip shıǵıwǵa erisedi. Áyse apa óziniń basınan ótkergen awır kúnlerdi eske ala otırıp «Adamǵa juwǵarada jaqsı, jaman at taǵılmaydı. Miyirmanlıq penen hadallıqtıń jemtigi bolǵanman. Eger, bul waqıyanı saǵan aytıp berip sırtqa shıǵarmasam, bul dárt ishime sıymay isirip jiberedi. Bul waqıyanı ishimde alıp ketkenshe, bul dúnyaǵa qaldırıp ketiwdi maqul kórip otırman. Sebebi, eger sen jazsań, baspadan shıqsa, men qusaǵan miyrim-shápáátli bir ǵárip oqısa, tásir etip jamanlardan saqlanıwdı oylap úlgi qılar… Bunday pántke giriptar bolmawǵa háreket eter» [4,100], – dep óz basınan ótkenlerin aytıp berip, keleshek áwladqa jetkeriwdi maqul kóredi. Jazıwshı aradan biraz jıl ótkennen soń Shımkent sanatoriyasına barǵanında Áyse apanıń basınan ótken waqıyalardı ol tuwılıp ósken awıldan emleniwge kelgen jasıúlkennen esitken faktler menen tolıqtırıp jazıwǵa imkaniyat boladı. Povestegi hár bir obraz óziniń daralıǵı menen este qaladı. Adamlar arasında «tentek hayal» degen at penen belgili bolǵan Áysedegi shıdamlılıq penen haqıyqatgóylik, Ospandaǵı jigersizlik penen opasızlıq, Raximanıń mápgóyligi menen arsızlıǵı ózleriniń minez-qulqı, islegen is-háreketleri, sóylegen sózleri menen óz boyawında kórkem súwretlengen.

Solay etip, G.Esemuratovanıń biz kórip ótken povestleriniń ideyası obrazlar háreketinde ashıladı. Olardıń qım-qıyqash túsinikleri, kózqarasları, ideyalıq poziciyaları negizinde jaratıladı. Shıǵarma qaharmanlarınıń ómir dramatizimniń túpkirinde jatırǵan konflikt málim bolǵanda ǵana olar ózin tanıtadı. Olar ózleri jasaǵan jámiyetlik dúzimniń qarama-qarsılıqlarına qarsı gúresip qoymastan, sheshiwshi bir waqıya-hádiyselerdiń nátiyjesinde shaxstıń óz-ózi menen gúresiniń barısında da maydanǵa kelip otıradı. Qáytkende de, jazıwshınıń biz kórip ótken povestleriniń syujeti tek ómir shınlıǵına, turmıs haqıyqatlıǵınıń kórkem sáwlesi bolıwı menen óz oqıwshısın bekkem isendire aladı.

## ÁDEBIYATLAR


1. Yusupov I. Turmıs shınlıǵı tebirentken qálem. Qarań: Esemuratova G. Shıǵarmaları 1 tom. Nókis: Bilim, 1995. 6-b.
2. Esemuratova G. Ata-anam bolarma edi // Shıǵarmaları. II tom. Nókis: Bilim. 1997. 149-b.
3. Esemuratova G. Gónergen súrenler // Shıǵarmaları. I tom, Nókis: Bilim, 1995. 60-62-bb.
4. Esemuratova G. Úsh dáwirdiń gúwası «tentek hayal» haqqında ápsana // Shıǵarmaları. V tom. Nókis: Bilim. 2018. 100-b.


**Qissalarda hayot haqiqati... (G.Esemuratova povestlari misolida)**


**Bekbergenova Z.U.**

*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpog'iston bo'limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*



Ushbu maqolada Qoraqalpog'iston xalq yozuvchisi G.Esemuratovaning mustaqillik davrida yozilgan "Ming bitta kechirim", "Ota-onam bo'larmidi?", "Murshida Bekpo'latova kim?", "Kim tinglaydi dardimni", "Eskirgan ishonchlar" va hokoza qissalarida o'z aksini topgan hayot haqiqati haqida so'z boradi. Yozuvchining e'tiborga molik tomoni shunda, u qissalarining voqea va personajlarini real hayotdan oladi. Yozuvchining har bitta qissasi hujjatlarga boy *bo'lib, obrazlari* o'z prototiplariga ega. Ushbu xususiyatlari bilan kitobxonlarda *katta qiziqish uyg'otadi.* Shu bois muallifning mavzu tanlash, syujet va obraz yaratish, davr qarama-qarshiliklarini ochib berishdagi mahorati har tomonlama tahlil qilinadi.


**Жизненная правда в повестях... (на примере повестей Г.Есемуратовой)**


**Бекбергенова З.У.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии*

*наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье рассматриваются произведения народного писателя Каракалпакстана Г.Есемуратовой, написанные в период независимости о произведениях «Мыңда бир кеширим», «Ата-анам боларма еди», «Мүршида Бекполатова ким?», «Ким тыңлайды муңымды», «Гөнерген сүренлер» и другие, где описывается жизненная правда как легенда. События и герои в этих повестях писателя ценны тем, что взяты из жизненной правды. Каждая повесть богата документами, образами и имеет своих прототипов. Именно эти стороны вызывают большой интерес у читателя. Тем самым выбор темы автором в создании сюжета и образа, задач раскрытия мастерства сделан при последовательном анализе.

**Life truth in stories... (Based on the stories of G. Yesemuratova)**

**Векbergenova Z.U.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

This article discusses the works of the people's writer of Karakalpakstan G. Yesemuratova written during the period of independence about the works "Minda bir keshirim", "Ata-anam bolarma edi", "Murshida Bekpolatova kim?", "Kim tinlaydi munimdi", "Gonergen surenler" et cetera, where a number of stories describe the truth of life, as a legend. The events and heroes in these stories of the writer are especially taken from the truth of life. Or, each story of the writer is rich in documents, the images have their prototypes. It is these sides that arouse great interest in the reader. Thus, the author's choice of theme, the creation of the plot and image, the task of revealing the mastery of the confrontation of the period, a consistent analysis was made.

# ЭТНОГРАФИЯ ҲӘМ ФОЛЬКЛОРДЫҢ СИНТЕЗЛИК ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Утамбетова А.Ж.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Ҳәзирги ўақытта қарақалпақ әдебияттаныў илими менен фольклортаныўшылығы жаңа басқышларға көтерилип атырғанлығын қәнигелер менен зыялы жәмийетшилик жақсы биледи. Усы пикирлеримиздиң мысалы ретинде фольклортаныўшы илимпазлар Ж.Хошниязовтың миф ҳәм дәстанларға байланыслы фундаменталь мийнети: «Мифлер ҳәм дәстанлар: Генезиси, Спецификасы, Дәўирлик қатламлары» (Ташкент, Anorbooks, 2022) ҳәм К.Палымбетовтың «Қарақалпақ халық исеним ырымлары» (Ташкент, «Lesson Press», 2023) атамаларындағы монографиялары сөзимиздиң айқын дәлийли есапланады.

Бизиң дыққатымызды қаратып отырған профессор К.Палымбетовтың жоқарыдағы атап өткен монографиясында халық аўызеки әдебиятының жанрларының бири, усы дәўирге шекем көзге илинбей киятырған, анығырағы оған жатырқап қарап, ескиликтиң сарқыты деп есапланып, идеологиялық көз-қараслардан тыйым салынып, сөз қозғаў мүмкиншилиги болмаған халық исеним ырым-тыйымлары арнаўлы илимий түрде изертленип, үйренилип, итибарлы ой-пикирлер ортаға салынған. Оның илимий тематикалық, проблематикалық бағдарлары теманың тың ҳәм актуальлығында көзге тасланады.

Ҳақыйқатында басқа дүньяның барлық халықлары сыяқлы қарақалпақлар арасында да «ырым-тыйымлар» деп аталып, соңғы ўақытлары бизден басқа фольклористика менен этнографияда изертленип киятырған үрп-әдет ҳәм аўызеки әдебияттың киши жанрлары әййемнен бар екенлиги, оның халық тарийхының бәрше басқышлары менен жолдас болып, усы ўақытқа шекем жоқ болып кетпей жетип келгени үлкен социал-психологиялық, руўхыйлық, ақыл-парасат ҳәм улыўма философиялық бай ғәзийне болып табылады. Бирақ усы күнлерге шекем бул мол руўхый байлыққа кеўил аўдарып изертлеўге, оны үгит-нәсиятлаўға тыйым салынып қадағалыў астына алынғаны, әлбетте, коммунистлик партиялық идеологияның, сталинлик репресияның кесапаты екенлигине толық итибар берсек орынлы. Демек, сөз етилип атырған монографияда автор К.Палымбетов усы мәселеге мийнеттиң ҳәр бир бап, қәлеген бөлимлеринде дыққат аўдарып пикирлер айтып, сол принципти мийнет орайына қойып изертлеў жуўмақларын усыныўы ҳәр тәреплеме заманагөй көз-қараслардан да, улыўма инсаныйлық адамгершилик, этикалық-философиялық жағынан да зәрүрли ҳәм әҳмийетли болып есапланады. Жоқарыда айтқанымыздай бүгинге шекем көбинесе ерси, диний исенимниң сарқыты деп көз жумып келген «ырым-тыйымлар» фольклорлық жанр ҳәм халық үрп-әдетлери менен ақыл-парсат философиясының, ҳәттеки медицина сыяқлы илимниң де негизи болып хызмет ислеп, жәҳәнниң барлық халық ҳәм миллетлери арасында өмир сүрген, үлкен тәрбиялық, педогогикалық, психологиялық роль ойнағанлығын, ырасында көпшилик жәмийетшлик К.Палымбетовтың усы баҳалы мийнети менен танысып оқыған соң анық билип көз жеткизиўи, тек ғана усы илимпаз-фольклористтиң емес, ал пүткил қарақалпақ фольклортаныўшылығы менен әдебияттаныў илиминиң, халық ақыл-парасат философиясының салмақлы жеңиси деп каралса арзыйды. Өйткени мийнетте ҳәр тәреплеме